



Pou Piblikasyon Imedya: 09/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**PANDAN PREMYE JOUNEN SANSIBILIZASYON SOU OVÈDÒZ OPYOYID ETA
NEW YORK LA, GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE RESEPSYON 4.25 MILYON DOLA
POU PREVANSYON MEIDKAMAN SOU PRESKRIPSYON AK LANMÒ KI GEN
RAPÒ OVÈDÒZ OPYOYID**

*Finansman an pral itilize pou ankouraje prevansyon, ogmante edikasyon ak
sansibilizasyon epi pou achte ak distribye naloksòn pou ede sove lavi*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a resepsyon sibvansyon 4.25 milyon dola sou yon peryòd senkan ki soti nan Administrasyon Sèvis Toksikomani ak Sante Mantal pou ede anpeche medikaman sou preskripsiyan epi lanmò ak evènman negatif ki gen rapò ak ovèdòz opyoyid. Sibvansyon an pral finanse fòmasyon pou premye sekouris yo, prevansyon kont ovèdòz ak lòt founisè ak patnè sèvis kominotè, ansam ak moun ak fanmi yo.

Anons prim sa a koresponn ak premye Jounen Sansibilizasyon sou Ovèdòz Opyoyid nan Eta New York. Selebrasyon sa a, se Depatman Sante Eta New York ki òganize li pou onore moun ki te mouri nan ovèdòz epi selebre fanmi ak travayè premye liy yo ki te dedye yo nan sove lavi.

"Epidemi opyoyid la pèsonèl pou mwen, piske mwen te pèdi yon manm fanmi nan yon ovèdòz", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nan New York, n ap elaji efò nou yo pou konbat kriz la nan ogmante edikasyon ak sansibilizasyon epi ankouraje prevansyon ak sèvis tretman. Nan premye Jounen Sansibilizasyon sou Ovèdòz Opyoyid Eta New York la, mwen ankouraje sila yo ki gen difikilte avèk abi sibstans pou pa dekorage kontakte nou pou jwenn èd ak sipò. N ap kontinye travay ansanm pou mete fen nan kriz sa a ak ede sove lavi".

Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiksyon Eta New York la pral konsantre sou elaji konesans sou estrateji prevansyon kont ovèdòz pou "Sektè Kle nan Kominote" ki travay avèk fanm ansent ak apre akouchman ak fanmi yo, epi moun ak fanmi vyolans patnè entim afekte. Ajans lan pral travay deprè avèk kominote Ameriken Nativ Natal/Endijèn avèk kominote LGBT+ la.

Founisè ki idantifye yo pral elijib pou resevwa jiska 20,000 dola pou bay moun ak fanmi ak lòt founisè sèvis kominotè fòmasyon sou prevansyon ovèdòz epi pou fòme lòt yo pou tounen founisè prevansyon kont ovèdòz. Founisè espesifik yo ap resevwa finansman ki pral idantifye nan yon dat annapre.

OASAS pral fè patenarya tou avèk Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York ak Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services, OCFS) Eta New York pou bay twous fòmasyon ak nalokson pou pèsonèl premye liy yo nan pwogram tankou refij pou vyolans domestik OCFS jere, pwogram vizit lakay Healthy Families New York ak Kolaborasyon Sante Kominotè Matènèl ak pou Timoun (Maternal and Infant Community Health Collaboratives, MICHC). Anplis de sa, fon sa yo pral itilize pou distribiye twous prevansyon ovèdòz ak nalokson bay moun ak fanmi k ap resevwa fòmasyon swa nan OASAS oswa youn nan patnè kominotè ki seleksyone yo.

Komisè OASAS, Arlene González-Sánchez, te deklare, "Nou konnen ovèdòz mòtèl te ogmante ane pase pandan pandemi an epi nou rekonèt gwo estrès moun yo kontinye ap fè fas. Nou kontan anpil dèské nou te resevwa sibvansyon sa a akòz li pral pote resous bay eta a epi ajoute efò nou yo pou anpeche ovèdòz. Ansanm avèk ajans patnè nou yo, n ap devlope apwòch inovatè pou atenn popilasyon vilnerab yo ke nou ka pa kapab atenn yon lòt fason".

Komisè Depatman Sante Eta, Doktè Howard Zucker, te deklare, "Depatman Sante ak OASAS te toujou travay ansanm pou konbat devastasyon adiksyon ak ede anpeche ovèdòz. Avèk finansman sa a, nou kapab kontinye aganjman nou pou anpeche fanmi ak sila nou renmen yo gen pèt, pandan n ap bay tout Nouyòkè yo otonomi avèk zouti nesesè pou ede lòt yo ak tèt yo viv an sante".

Yon total 750 moun pral fòme nan prevansyon ovèdòz nan premye ane finansman an. Nan dezyèm ane a, nimewo sa pral ogmante nan 3,000 epi answit 4,000 moun ki pral fòme chak ane pou yon total 15,750 moun k ap fòme rive nan fen senkyèm ane a.

Nouyòkè ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa yon pwòch ki gen difikilte, ka jwenn èd ak lespla le yo rele liy telefòn gratis Eta a, "HOPE line" 24 sou 24, 7 jou sou 7, nan 1-877-8-HOPENY, 1-877-846-7369, oswa lè ou voye tèks HOPENY, Kòd Kout 467369.

Tretman pou adiksyon ki disponib yo gen ladan swen pou kriz/dezentoksikasyon, swen malad ki entène yo, rezidans kominotè yo, oswa swen pou pasyan ekstèn, lè ou itilize Tablodbò Disponibilite Tretman NYS OASAS la [isit la](#) oswa atravè [sitwèb NYS OASAS la](#).

Si oumenm, oswa yon pwòch ou, te eksperimante obstak nan asirans ki gen rapò ak tretman oswa bezwen pou ede depoze yon apèl pou yon reklamasyon yo te refize, kontakte liy èd CHAMP an pa telefòn nan 888-614-5400 oswa [pa imèl](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)